Qabul qilindi: 28.03.2025 Chop etildi: 30.04.2025 UDK: 811.111

# СУРХАНДӘРЬЯ ӨЗБЕКЛЕРИ СӨЙЛЕСИМИНИҢ ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНЕ ҚАТНАСЫ МӘСЕЛЕСИ

*[1]Прекеева Амангүл Ансатбаевана*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдениям институты Нөкис филиалы доценти,ф.и.к.*
amangul_prekeeva@mail.ru
*2Смайылова Мадина Йулдаш қызы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдениям институт Нөкис филиалы «Китапхана хабар искерлиги қәнигелигиниң 1-курс студенти*

# СУРХОНДАРЁ ЎЗБЕКЛАРИ ШЕВАСИНИНГ ҚОРАҚАЛПОҚ АДАБИЙ ТИЛИГА АЛОҚАДАРЛИК МАСАЛАСИ

*[1]Прекеева Амангул Ансатбаевна*
*Ўзбекистан давлат санъат ва маданият институти Нукус филиали доценти, ф.и.к.*
*[2]Исмайилова Мадина Йулдаш қизи*
*Ўзбекистон давлат санъат ва маданият институти Нукус филиали «Кутубхона ахборот фаолияти" мутахассислигининг 1-курс талабаси*

# ОБ ОТНОШЕНИИ ГОВОРА СУРХАНДАРЬИНСКИХ УЗБЕКОВ К КАРАКАЛПАКСКОМУ ЯЗЫКУ

*[1]Прекеева Амангул Ансатбаевна, доцент Узбекского государственного института искусства и культуры, к.ф.н.*
*[2]Исмайлова Мадина Йулдашевна, студентка 1курса Узбекского государственного института искусства и культуры по специализации Библиотека информационная деятельность*

# ON THE ISSUE OF THE TRANSITION OF SURKHANDARYA UZBEKS TO THE KARAKALPAK LANGUAGE

*[1]Prekeeva Amangul Ansatbayeva*
*Associate Professor, Nukus Branch of the State Institute of Arts and Culture of Uzbekistan, Ph.D.*
*[2]Ismoilova Madina Yuldash qizi*
*Nukus Branch of the State Institute of Arts and Culture of Uzbekistan 1st year student of the department of Library Information Systems*

***Аннотация:*** *Ушбу маколада олима Х.Ч.Файзиеванинг «Сурхондарё ўзбек шевалари луғат хусусиятлари» номли монографиясидаги луғатлардан фойдаланган ҳолда Сурхондарё ўзбеклари шевасининг қорақалпоқ адабий тилига алоқаси қиёслаш тарзида ўрганилишига асосланади.*
***Kalit so'zlar:*** *Қорақалпоқлар тарихи, Туркистондан кўчиши, жўқорғи қорақалпоқлар, Қўқон хонлиги, Бухоро амирлиги, Хива хонлиги, Сурхондарё ўзбеклари шеваси,қорақалпоқ адабий тили.*
***Аннотация:*** *Эта статья посвящена изучению отношения диалектов сурхандарьинских узбеков к каракалпакскому литературному языку на основе монографического словаря ученого Х.Ч.Файзиева "Свойства лексики сурхандарьинских говора узбеков".*

***Ключевые слова:*** *история каракалпаков, переселение из Туркестана верхние каракалпаки, Кокандское ханство, Бухарский эмират, Хивинский ханство, говор сурхандарьинских узбеков, каракалпакский литературный язык.*
***Abstract:*** *This article is based on a comparative study of the relationship of the Surkhandarya Uzbek dialect to the Karakalpak literary language using dictionaries from the monograph of the scientist Kh.Ch. Fayziyeva entitled "Dictionary Features of Surkhandarya Uzbek Dialects".*
***Keywords:*** *History of the Karakalpaks, Migration from Turkestan, Upper Karakalpaks, Kokand Khanate, Bukhara Emirate, Khiva Khanate, Surkhandarya Uzbek dialect, Karakalpak literary language.*

Қаракалпақ халқы тарийхына нәзер тасласақ, қарақалпақлар ҳаққында дәслепки мағлыўматлар б.э. шекемги VI-V әсирлерде Иранның Бехустун таўының жырааларына қарақалпақ қәўими ҳаққында жазылған болып, бул жазба естеликтеги мағлыўматты илимде қарақалпақ халқына тийисли деген пикирди айтады [1].

Халқымыз X-XII әсирлерде ҳәр қыйлы жағдайларға бола Едил-Жайық дәрьялары бойларына барып қоныс басады.[2] X-XI- әсирде халық сыпатында қәлиплеседи. XIV әсирдиң ақыры XV әсирдиң басларында Алтын Орда ыдырап бир неше ханлықларға бөлинип кетеди. XV әсирдиң ақырында басқалар сыяқлы қарақалпақлар өзбек ханлығынан бөлинип шығады [3]. Бул дәўирде ноғайлар менен биргеликте аўқам болып жасайды. Усы дәўирлерде, яғный XIV-XVI әсирлерде қарақалпақлардың аўызеки сөйлеў тили қәлиплеседи. Орданың ханы Орманбеттиң қайтыс болыўы себепли үлкен апатшылық, ашаршылық жүз береди. Буннан Едил Жайықтан және Туркистанға, яғный Сырдәрья әтирапына көшип келеди. Түркистан әтирапында Уллы таў, Жаңакент, Сығнақ деген аймақларда жасайды.

Бирак жунғырлардың 1723-жылғы, Абылхайырханның 1743-жылғы Сырдәрья бойларындағы қарақалпақларға ислеген шабыўыллары себепли әййемнен ата-журты, ата-мәканына Әмиўдәрьяның Аралға қуяр аяғына қайта баслайды «Жунғарлардың Сырдәрьяның орта ағысын басып алыўына байланыслы қарақалпақлар «жоқарғы» ҳәм «төменги» болып екиге бөлинеди [4]. Жоқарғы қарақалпақлар Қоқан ханлығы ҳәм Бухара әмирлигине көшип барады ҳәм сол аймақларда жасап қалады. Ал, төменги қарақалпақлар болса ата журты Әмиўдәрьяның аяғы Арал әтирапы, яғный Хийўа ҳанлығына қарай көшеди. Жоқарғы қарақалпақлардың қайсы аймақларда жасайтуғыны, олардың тарийхы ҳаққында дәслепки илимий мағлыўматлар рус илимпаз лары тәрепинен илимий айланысқа түсириледи. [5 ].

Илимий мағлыўматларда Сурхан тәрепке көбирек қоңыратлар көшкенлиги ҳаққында айтылады. Сондай-ақ, бул тарийхый ўақыя қарақалпақ классик әдебиятының көрнекли ўәкили Бердақ Ғарғабай улының дөретиўшилигинде «Шежире» дәстанында өз сәўлелениўин тапқан. [6]

Түркистаннан қоңырат көшти,
Сурханға барып түсти,
Малы басы оннан да өсти,
Мықлым абат болған екен.

Сурханға көшкен қарақалпақлардың турмысының абат екенлигин еситкен изде қалған халық булар да Сурханға көшеди, қоңыратларға қосылады.

Узақ түшти арамыз деп,
Ашлықтан жоқ шарамыз деп,
Биз ҳәм көшип барамыз деп,
Келип хабар ған екен.
Он төрт урыў көшип бүлди.
Кими йолда аштан өлди.
Сурханға булар ҳәм келди,
Қоңыратқа тапышқан екен.

Сондай-ақ, Бердақ шайыр жасаған дәўирде (1827-1900) Жаңадәрья, Бухара, Миянкөл, Сурхан, Қоқан, Шәҳрисәбизде жасайтуғын қарақалпақлар бир-бири менен байланыста болып, ҳал-жағдайынан хабардар болған. Олардың ишинен абыройлы ел

басқарыўшылар ҳәм әскер басылар жетилисип шыққан.

2024-жылы Сурхандәрьялы илимпаз Х.Ч.Файзиеваның «Сурхондарё ўзбек шевалари луғат хусусиятлари» атамасындағы монографиясы баспадан шыққан. Бул мийнет тек өзбек диалектологиясы ушын емес, ал пүткил түркий тиллери, сонын ишинде қарақалпақ диалектологиясы ушын қунлы мийнет есапланады. Бул монография Байсын-Шорчи сөйлесимлериниң диалектлик өзгешеликлери, Байсын-Шорчи топар сөйлесимлеринде диалектизмлер, Байсын-Шорчи сөйлесимлеринде этнографизмлер деп аталған 3 баптан ибарат. Монографиядағы сөзликлер Байсын, Шорчи, Қумқорған, Жаркорған районы сөйлесимлери мысалында алынған. Усы монографиядағы Байсын-Шорчи сөйлесимлеринде этнографизмлер деп аталған 3- баптың «Үй хожалық буйымлары атамалары» ның қарақалпақ әдебий тилине қатнасы мәселесин қарастырдым: [7].

Қурақ дастық-( S.D) Ҳар ҳил материал бўлакларидан улаб тикилган ёстиқ. Қарақалпақ әдебий тилинде де қурақ дастық. Қурақлы ҳәм қурақсыз етип ишине пәр ямаса пахта,жүн салынып исленген бас қойып жатыў ушын исленген үй буйымы. Қыз қосықты үзип, жерде жатқан қурақ дастыққа өзин таслады.(Қ.Досанов.) ( ҚҚ ТТС,92 бет.3.том.)

*Қурақ көрпәшә*( С.Д).- Ҳар ҳил материал бўлакларидан улаб тикилган кўрпа ва кўрпаша. Ққ әдебий тилинде қурақ көрпеше 1.Ҳәр түрли гезлеме материаллардың қыйындыларынан қыйықланып тигилген зат. Төсениў ушын гезлемениң ишине пахта ямаса жүн салып сырылып тигилген көрпениң кишилеў түри.Мысалы: Өйткени,үлкен айдынлы көрпешелер- ден басқа, жақында ғана ийнеден шыққан қурақ көрпешелер де бар.(Т.Қайыпбергенов)( ҚҚ ТТС 40 бет.5.том ).

*Жеңсе*(Байсын, Шорчи, Қумқорған, Жаркорған) - Нон ёпаётганда қўлга кийиладиган енгча. Қарақалпақ әдебий тилинде, кийимниң жеңи кирлемеў ушын нан жаўғанда қолдың билегине кийетуғын узын қалташа,жеңсе.( ҚҚ ТТС 153 бет. 3.том).

*Дасмал* ( Байсын, Шорчи, Қумқорған, Жаркорған) - қозон-товоқ ювишда ишлатиладиган латта. Қарақалпақ әдебий тилде -суў қабақ сыяқлы «дасмалқабақ» деп аталатуғын палыз өниминен исленеди, ыдысларды жуўып-шайып тазалаў ушын қолланады. ( ҚҚ ТТС,91 бет,3 том).

*Кели* (Байсын, Шорчи, Қумқорған, Жаркорған) -оғир ҳовонча/ Ққ әдебий тилинде - ҳәр түрли дәнлерди тазалаў, унтаў, женшиў, түйиў ушын, бойы 50-70 см ге шамалас қатты ағаштан исленген гүби тәризли үй буйымы.( ҚҚ ТТС 102 бет.4.том).

*Келсап*- оғир даста. (Байсын, Шорчи, Қумқорған, Жаркорған). Қарақалпақ әдебий тилинде узынлығы бир метр алпыс см ге шамалас дәл ортасына қол менен услаўға қолайластырып тесип, келидеги дәнди ҳәм т.б.нәрселерди унтаў, майдалаў, түйиў ушын исленген ағаш.( ҚҚ ТТС 108 бет 4 том).

*Аштақта*- (Бойсин.Шорчи) Хамир ёйиш ва угра кесиш учун қулланиладиган тахта. Қарақалпақ әдебий тилинде қамыр жайыў ушын ағаштан арнап соғылған,тақта-тақтай . (ҚҚ ТТС 203 бет 1 том).

*Рәпийдә* – (S-D) нон ёпаятганда кўлга кийиладиган,доира шаклидаги материалдан ичига пахта солиб тикилган анжом. Қарақалпақ әдебий тилинде, тандырға нан жабыстырыў ушын қолға кийиўге қолайластырылып, дөңгелек ҳәм жалпақ етип исленген зат, нан жапқыш.( ҚҚ ТТС 124бет.6 том).

*Зерен қасык*- (Бойсин, Доғ, Қай) зараң дарахтидан қилинган қошик ва товоқлар. Қарақалпақ әдебий тилинде ағаштан сырланып исленген табақтың кишкене түри. Асқарға апасы кишкентай шети сынық зерен менен басалай әкелип қойды. (Ө.Хожаниязов)( ҚҚ ТТС 15 бет.4 том).

*Карсан*- (Бойсин, Шорчи, Қумқорған) Катта ёғоч товоқ. Қарақалпақ әдебий тилинде үлкен камыр ийлейтуғын табақты кәрсан деп те айтады.

*Хуман*-( Жарқорған)Чой қайнатадиган идиш, қумғон. Қарақалпақ әдебий тилинде суў қайнататуғын ҳәм жуўыныў ушын суў қуятуғын,шойыннан,мыстан қуйылып

исленген,туткасы ҳәм қақпағы бар сопақ ыдыс. Мысалы: Қоржынның бир жағында мыс қуман сылқ-сылқ етеди. (Ш.Сейитов) (ҚҚ ТТС 36 бет 5 том).

*Такинәмәт*-(S-D) Гул босилган кийиз тури. Қарақалпақ әдебий тилде текиймет-Нағысланып исленген кишкене кийиз. Соннан кейин текийметтиң үстине жайған бир салым гилемшениң үстине барып малдасын қурынды. (К.Султанов) (ҚҚ ТТС ,124 бет. Том. 7).

*Айақ машын*- (С-Д) тикиш машинасининг аёқ ёрдами билан тикадиган тури. Қарақалпақ тилинде аяқ жәрдеминде тигетуғын тигиў машинасына аяқ машын,қол арқалы тигилетуғын машинаға қол машын деп атайды.

*Оймақ*-(Бойсин,Шорчи) ангишвона. Қарақалпақ әдебий тилде, ийне менен тигис тиккенде бармақтың ушына кийетуғын темирден исленген зат қурал. (ҚҚ ТТС, 266 бет 5.том).

Балдак-(Бойсин,Шорчи) қилич дастаси. Қарақалпақ әдебий тилде, өсимликлердиң түп бети, түбинен жапыраққа шекемги аралығы Мыс: Шиңгириктиң балдағы жиңишке екен, мал жеўге жүдә қолай, нәрсе қалдырмай жейди.( ҚҚ ТТС , 351 бет 1 том).

*Нәмпәр*-(S-D) чакиш. Ққ әдебий тилдеги тикеш.Бул сөз қарақалпақ әдебий тилде ушыраспайды, бирақ қарақалпақ тилиниң Кенимех сөйлесиминде усы түринде қолланылады [8].

Ҳәзирги күнде илимде де Сурхандәрьяда да қарақалпақлардың жасайтуғыны ҳаққында мағлыўматлар бар «Қарақалпақлар тийкарынан Сурханның Шерабад районындағы Хомкон қышлағында жасайды, ҳәзирге шекем олар хожалығында шарўашылық жетекши орынды ийелейди. Олар тийкарынан ҳисары қойларын бағады[9].

Дала этнографиялық изертлеўлердиң мағлыўмат ларына сүйенген ҳалда Х.Кичкиловтың пикиринше «олар Зәрафшан аймағынан Шерабадтағы Хомкон ҳәм Киршак кышлақларына Б.Х.Кармишева жазғанындай, буннан 250 жыл алдын емес, бәлким, оннан илгерирек, яғный XVIII әсир орталарында келгенлигин көрсетпекте» [10].

Сурхандәрья сөйлесимлерин илимпаз Д.Поливанов изертлеўинде иранласпаған яғный сингорманизм нызамын өзинде сақлаған қыпшақ диалектлери топарына киргизеди[11].

Қарақалпақлардың Әмиўдәрьяның аяғы Арал әтирапы келгенин тарийх илими 1743-жыллар әтирапында деп көрсетеди. Демек, Сурхандәрьялы қарақалпақлардың бөлекленгенине 300 жылға шамалас ўақыт болған болса, олардың тили қандай дәрежеде сақланған ҳәм қандай өзгерислер жүз бергени ҳаққында қарақалпақ диалектологиясы илиминде ҳәзирше анық мағлыўматлар жоқтың қасында.

Л.С.Толстованың «Жоқарғы қарақалпақлар» китабында: Қарақалпақлардың бир қатар бөлими Бухара ханлығының қубла районларына-Қашқадәрья менен Сурхандәрья алабына көшип қоныласқан. Шәҳрисәбиз беклигиндеги қарақалпақлардын кишигирим группалары өзбеклер менен тез ассимиляцияланып өзбек руўының составына кирген. Қублаға қарай көшкен, Деҳқанабад, Ширабад әтирапындағы каракалпақлар да мине, усындай болған»[12].

Ш.Пайзуллаеваның «Аз емесдур қарақалпақ көп» атамасындағы китабында Сурхандәрьяда қарақалпақлар жасайды деген мағлыўматлар бар: «1988-жылы август айының иши еди.Үлке таныў музейине Сурхандәрьядан 38 ғарры келди. Кими басын бир қос шаршы менен ораған, кими ала тақыя кийген. Булар Сурхандәрья ўәлаятының Жарқорған районынан еди. Булардың барлығы өзлерин қарақалпақпыз деп танытты. «Өлмесимизден бурын елди көрейик деп шықтық, қызым, қартайдық» деди. Музейди тамашалады. Ертеңине Қоңырат районына баратуғынын айтты. Неге енди Қоңыратқа барғысы келгени мени қызықтырар еди. Сөйтсем тек атамасы ушын, олардың көпшилигиниң урыўлары қоңырат екен»[13].

Жуўмақластырып айтқанда, биз Сурхандәрья өзбеклери сөйлесиминдеги үй буйымлары атамаларын қарақалпақ әдебий тилине салыстырып таллап қарағанымызда, тиллердиң бир-бирине жүдә жақын, тек

TAMADDUN NURI

айырымларының фонетикалық өзгешеликке ушырағанын байқадық. Бул мийнеттиң авторы да түркий тиллер менен сөйлесимдеги сөзлерди салыстырып қарастырған. Берилген мысаллардың қарақалпақ тили менен бирдей екенин көриўге болады. Демек, Сурхандәрья қарақалпақларының тили де сақланған болыўы итималлылығы бар, себеби олар қыпшақ диалектлери ўәкиллери менен бирге қоңсы жасап келмекте. Олардың тилин, әдебиятын, тарийхын, этнографиясын изертлеў, илимий айланысқа түсириў - бүгинги қарақалпақ илимниң шешимин күтип турған ўазыйпаларының бири деп есаплаймыз.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Ешов Б.Ж, Одилов А.А.Ўзбекстон тарихи. II китоб. Тошкент, Донишманд зиёси, 2020, Б-354.
2.Қарақалпақстанның жаңа тарийхы «Қарақалпақстан» 2003. -Б.14.
3.Федоров-Давыдов Г.А. Общественный строй Золотой Орды. Москва, 1973. -106-б.
4.Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан // ӨзРИАҚҚБ Хабаршысы. Нөкис, 2001. Б. 23.
5. Толстова.Л.С. Жоқарғы қарақалпақлар. Нөкис «Билим»2021,
5-1 Толстова Л.С. Каракалпаки Ферганской долины. – Нукус, 1959.
6. Бердақ.Таңламалы шығармалары. Нөкис-1988 ж.
7. Файзиева Х.Ч. Сурхондарё шевалари луғат хусусиятлари. Термиз -2024.
8.Прекеева А.А.Қарақалпақ тили Кенимех сойлесими. Нөкис-2024. «Қарақалпақстан» баспасы.
9.Турдимуратов Янгибай XX асрда Сурхон Шерobод воҳаси ареал хўжалик маданияти (чорвачилиги мисолида) LESSON PRESS нашриёти, Тошкент-2020. Б. 24.
10. Файзуллаева М.Х. Кичкилов.Ш.Х. Хомкон (Этногенез, этник тарих ва этномаданият.) Тошкент-2022.Б -30.
11. Ю.Д.Поливанов.Ўзбекская диалектология и ўзбекский литературный язык.-Тошкент-1933.
12. Толстова.Л.С. Жоқарғы қарақалпақлар. Нөкис «Қарақалпакстан»-1975, Б.51 .
13. Пайзуллаева.Ш. Аз емесдур қарақалпақ көп. Нөкис , «Қарақалпакстан»-1995. Б.7.